toogal diir bi la sa mbaax daan téye, topp nga sangu

Jële nañu ci Aysatu ndayu jullit ñi -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Ummu Habiibata bint Jahsin mi nekkoon ci soxnas Abdur Rahmaan ibn Awf dafa jàmbat Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dereet ju muy gis, mu ne ko: "toogal diir bi la sa mbaax daan téye, topp nga sangu". Tax mu daan sangu ci julli gu nekk.

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Kenn ci jigéen yi àndoon ak Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dereet ji dafa wéy di génn ci moom, Mu digal ko mu bañ a julli diir bi ko mbaaxam daan téye njëkk mbir mii di gaar, topp mu sangu daal di julli,moom nag mu daan ci coobarewu ñeel julli gu nekk.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/10015